

## **Fich Enfòmasyon # 26: Seksyon H-2A nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a (INA: Immigration and Nationality Act)**

Fich enfòmasyon sa bay enfòmasyon jeneral konsènan kondisyon pou aplikasyon H-2A pou sektè agrikòl la pou aplikasyon H-2A ki te soumèt nan dat 15 Mas 2010 oswa apre a. Pou aplikasyon ki te soumèt ant 17 Janvyè 2009 ak 14 Mas 2010, gade Fich Enfòmasyon 26A. Pou aplikasyon ki te soumèt anvan 17 Janvyè 2009, gade Fich Enfòmasyon 26B.

### **Endwodiksyon**

Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a (INA: Immigration and Nationality Act) otorize admisyon legal travayè tanporè, ki pa imigran (travayè H-2A) pou fè travay oswa sèvis agrikòl ki gen yon nati tanporè oswa sezonye. Règleman Depatman travay la reji Pwogram H-2A a ki aplike tou a travay anplwaye Ameriken yo pa yon anplwayè travayè H-2A nan nenpòt travay ki enkli nan demand travay ETA a apwouve yo oswa nan nenpòt lòt travay agrikòl ki fèt pa travayè H-2A yo pandan peryòd demand travay la. Travayè Ameriken sa yo angaje nan travay ki koresponn.

### **Koudèy sou Obligasyon Anplwayè Kontraktyèl yo**

**Rekritman Travayè Ameriken yo:** Pou Depatman Travay la sètifye ke pa gen ase travayè Ameriken kalifye pou fè travay ki enplike nan petisyon an e ke anbochman travayè etranje a pap gen yon efè negatif sou salè ak kondisyon travay travayè Ameriken ki anplwaye nan menm kalite travay yo, anplwayè yo dwe demontre bezwen an pou yon kantite travayè H-2A presi. Anplis, kontakte sèten ansyen anplwaye Ameriken epi kowòdone aktivite rekritman atravè Ajans Mendèv Eta ki apwopriye a, yo egzije anplwayè yo angaje nan rekritman pozitif travayè Ameriken yo. Anplwayè H-2A yo dwe bay travay a tout travayè Ameriken ki elijib ki aplike pou opòtinite travay jiska 50 pousan peryòd kontra travay la ekoule. yèAnplwa yo dwe ofri travayè Ameriken yo tèm ak kondisyon travay ki pa mwen favorab ke sa yo ofri travayè H-2A yo.

**Revokasyon Travayè yo:** Yo entèdi anplwayè yo anboche travayè H-2A yo si patwon an bay mizapye a travayè Ameriken 60 jou apre dat bezwen an, sof si yo te ofri travayè Ameriken ki gen mizapye yo epi yo te rejte opòtinite travay agrikòl ke yo t ap chèche travayè H-2A yo pou li a. Yon mizapye travayè Ameriken nan travay ki koresponn nan akseptab sèlman si tout travayè H-2A yo te gen mizapye anpremye. Anplwayè yo ka refize travayè Ameriken yo sèlman pou rezon legal, ki gen rapò ak djòb yo.

Pou anile yon dèt kontini pou salè ak benefis pou yon travayè ki revoke oswa ki abandone pozisyon an nan fason volontè, yo egzije anplwayè yo avize Depatman Travay la (DOL: Department of Labor), ak Dematman Sekirite Nasyonal la (Department of Homeland Security) nan ka se yon travayè H-2A, pa pi ta ke de jou travay apre revokasyon oswa abandon an.

**Tarif Pèman:** Anplwayè a dwe peye tout anplwaye ki asire yo omwen pi gwo tarif salè aplikab sa yo ki anvigè nan moman travay la fèt la: tarif salè ak efè prejidiyab (AEWR : adverse effect wage rate), salè anvigè a, tarif ki agreye sou negosyasyon kolektif, oswa salè minimòm legal Federal oswa Eta a.

Salè yo ka kalkile sou baz pèman pa è oswa "pa pyès". Tarif pa pyès la pa dwe mwens ke tarif pa pyès ki anvigè pou aktivite a nan zòn kote yo prevwa travay la e sou baz yon peryòd pèman ki dwe an mwayèn pa pi piti ke tarif salè yo egzije ki pi wo a.

**Avi Ekri:** Pa pita ke lè yon anplwaye H-2A aplike pou yon viza e pa pi ta ke premye (1ye) jou travay pou travayè nan travay ki koresponn nan, anplwayè a ka bay chak travayè yon kopi kontra travay la – nan yon lang ki konpreyansib pa travayè a – ki dekri tèm ak kondisyon travay yo. An absans yon kontra travay ekri separe, anplwayè a ka bay chak travayè yon kopi demand travay la ki te soumèt a yon epi apwouve pa DOL la. Kontra travay la dwe enkli:

dat kòmansman ak dat fen peryòd kontra a ansanm ak plas travay la (yo);  
nenpòt kondisyon enpòtan travay la, ki enkli pèman depans pou transpò ki enplike, lojman ak manje yo bay (ak chaj ki lye yo), jou presi yo pa egzije travayè yo travay (sètadi, Saba, jou konje Federal);  
lè pa jou ak jou pa semèn yo atann pou chak anplwaye travay;  
Rekòt yo dwe travay la(yo) ak/oswa djòb yo dwe fè a;  
tarif ki aplikab la(yo) pou chak rekòt/djòb;  
ke y ap founi nenpòt zouti, founiti ak ekipman yo egzije san okenn chaj;  
ke y ap peye endemnizasyon asirans yo san okenn chaj; ek  
nenpòt dediksyon ki pa egzije pa lalwa. Tout dediksyon yo dwe rezonab. Nenpòt dediksyon ki pa espesifye pa akseptab.

**Garanti Tout Travayè:** anplwayè H2-A yo dwe garanti pou ofri chak anplwaye ki asire travay pou yon kantite lè ki egal a omwen 75% jounen travay yo nan peryòd kontra a – ki rele “garanti twa-ka (three-fourths guarantee)”la. Pa egzanp, si yon kontra pou yon peryòd 10 semèn, kote yon semèn nòmal presize kòm 6 jou pa semèn, 8 èdtan pa jou, travayè a dwe gen garanti travay pou omwen 360 èdtan (pa egzanp, 10 semèn x 48è/semèn = 480 è x 75% = 360).

Si pandan peryòd total kontra travay la anplwayè a pa ofri ase jou travay a travayè H-2A ki koresponn yo pou atenn kantite total pou reponn a garanti twa-ka yo egzije a, anplwayè a dwe peye travayè sa yo montan yo t ap ganye si yo t ap travay reyèlman pou kanti jou travay ki garanti a. Salè pou peryòd 75% garanti a ap kalkile nan yon tarif ki pa pipiti ke sa ki deklare nan kontra travay la.

**Lojman:** Anplwayè yo dwe bay lojman san peye a travayè H-2A yo ak travayè ki nan travay ki koresponn yo ki pa ka retounen nan fason ki rezonab lakay yo nan menm jou a. Si anplwayè a chwazi pou sekirize lokasyon lojman (piblik) pou travayè sa yo, yo egzije anplwayè a peye tout chaj lojman ki lye dirèkteman ak jesyon lojman an.

Anplis, yo egzije anplwayè yo swa pou yo bay chak anplwaye ki asire twa repa pa jou, nan yon pri ki pa plis ke sa DOL presize a, oswa pou founi bon jan enstalasyon kwizin ak enstalasyon pou fè manje kote travayè yo ka prepare pwòp manje yo.

Lojman anplwayè a bay oswa lojman sekirize yo dwe reponn a nòm sekirite ki anvigè yo.

**Transpò:** Anplwayè yo dwe bay transpò jounalye ant katye kote travayè yo ap viv la ak chantye anplwayè a san peye pou anplwaye ki asire k ap viv nan lojman anplwayè a founi an. Transpò anplwayè a founi an dwe reponn a nòm sekirite ki anvigè yo, dwe asire kòrèkteman epi kondwi pa chofè ki gen lisans.

**Depans Antre ak Sòti:** Si yo pat gen avanse li oswa bay li, anplwayè a dwe ranbouse travayè yo pou depans rezonab yo fè pou transpò antre ak depans sibzistans depi travayè a konplete 50% nan peryòd kontra a. Nòt: FLSA a aplike endepandaman de H-2A yo epi li entèdi anplwaye ki asire yo fè depans ki prensipalman nan benefis anplwayè a si depans sa yo desann salè anplwaye a pi ba ke salè minimòm FLSA a. Alafen kontra travay la, anplwayè a dwe swa bay oswa peye pou transpò retou travayè ki asire a ak nouritu chak jou li.

**Dosye yo Egzije:** Anplwaye yo dwe kenbe dosye egzakt sou kantite lè travay ki ofri chak jou pa anplwayè a ak lè ki travay reyèlman chak jou pa travayè a.

Nan jou oswa anvan chak jou pewòl (ki dwe omwen de fwa pa mwa) yo dwe bay chak travayè yon larasyon lè ak dekrevni yo ki montre lè ki ofri yo, lè yo travay reyèlman, tarif pèman pa è ak oswa pa pyès, e si se tarif pa pyès ki itilize, inite ki pwodwi chak jou. Deklarasyon lè ak revni an dwe endike tou revni total pou peryòd pèman an ak tout dediksyon nan salè yo.

**Lòt Asirans ak Obligasyon:** Anplwayè yo dwe konfòme yo ak tout lwa ak règleman ki anvigè, ki enkli entèdiksyon pou kenbe oswa konfiske paspò travayè oswa lòt dokiman imigrasyon yo. Anplis, anplwayè yo pa dwe chèche oswa resevwa okenn sòt pèman nan men travayè yo pou okenn bagay ki gen rapò ak jwenn yon sètifikasyon travay H-2A, ki enkli frè pou avoka oswa ajan anplwayè a, frè aplikasyon oswa depans rekritman yo. Anplwayè yo dwe asire tou ke pa gen grèv oswa blokaj pandan yon dispit sou chantye a pou sètifikasyon H-2A anplwayè a ap chèche a. Anplis, anplwayè yo pa ka fè diskriminasyon kont – oswa konjedye san yon koz ki jis – okenn anplwaye ki te depoze yon plent, konsilte yon avoka oswa yon anplwaye pwogram asistans legal, temwanye oswa nan okenn fason, egzèsè oubyen revandike pou tèt pa l oswa nan non lòt moun okenn dwa oswa pwoteksyon ki founi pa atik 212 INA a oswa règleman H-2A yo.

### **Kontraktè Travay H-2A yo**

Yon H-2ALC se yon moun ki reponn ak definisyon yon "anplwayè" dapre Pwogram H-2A a epi ki pa kalifye kòm yon anplwayè ki gen yon lokal fiks oswa yon asosyasyon agrikòl (oswa yon anplwaye yon patwon oswa asosyasyon kiltirèl ki gen yon lokal fiks) epi ki angaje nan yonn nan aktivite sa yo pa rapò ak nenpòt travayè ki sijè a règleman H-2A yo: rekrite, solisite, anboche, anplwaye, founi, lojman oswa transpò.

Pandan H-2A a pa egzije kontraktè travay yo pou enskri pou sa nan Depatman an, nenpòt moun ki sijè a MSPA a kòm Kontraktè Travayè Agrikòl (FLC: Farm Labor Contractor) dwe enskri nan Depatman an epi pou yo remèt yo yon Sètifika Enskripsyon FLC anvan yo angaje nan aktivite kontra travay agrikòl. nan aplikasyon H-2A yo a, yo egzije H-2ALC yo pou enskri selon MSPA, yo oblije bay Sètifika nimewo Enskripsyon MSPA, FLC epi idantifye aktivite kontra travay agrikòl yo otorize pou fè yo.

Anplis, pou yo reponn ak menm asirans ak obligasyon tankou nenpòt lòt anplwayè H-2A, H2ALC yo dwe reponn a egzijans sa yo:

- site non ak plas chak biznis agrikòl ki nan lokal fiks ke yo atann yo pou yo mete travayè H-2A, dat chak opòtinite travay, ak yon deskripsyon rekòt ak aktivite yo atann pou travayè yo fè nan chak zòn travay la prevwa;
- soumèt yon kopi chak kontra akò a ant H-2ACL la ak biznis agrikòl la ke yo atann pou bay travayè a;
- bay prèv ke tout lojman ak transpò si anplwayè ki gen lokal fiks la bay yo oswa sekirize yo, konfòm ak nòm sekirite ak sante ki anvigè yo; epi

jwenn epi soumèt asirans kosyon orijinal la ak Aplikasyon H-2A a.

**Asirans Kosyon:** Asirans kosyon an dwe redije pou kouvri responsablite ki kontrakte pandan tèm peryòd kontra travay la ki site sou Aplikasyon H-2A epi li dwe rete anvigè pou yon peryòd omwen 2 zan apati dat ekspirasyon sètifika travay la. H-2ALC yo dwe jwenn yon asirans kosyon nan montan sa yo:

\$5,000 pou yon sètifika travay avèk mwens ke 25 anplwaye;  
\$10,000 pou yon sètifika travay avèk 25 a 49 anplwaye;  
\$20,000 pou yon sètifika travay avèk 50 a 74 anplwaye;  
\$50,000 pou yon sètifika travay avèk 75 a 99 anplwaye; epi  
\$75,000 pou yon sètifika travay avèk 100 anplwaye oswa plis;

Kosyon an dwe peyab a Administratè a, Wage and Hour Division, U.S. Department of Labor, 200 Constitution Avenue, NW, Room S-3502, Washington, DC 20210.

### **Kote pou Jwenn Lòt Enfòmasyon**

Piblikasyon sa se pou enfòmasyon jeneral e yo pa dwe konsidere l nan menm fason ak deklarasyon pozisyon ofisyèl ki genyen nan règleman sa yo.

**Pou plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt Divizyon Salè ak Lè a (Wage and Hour Division):**  
**<http://www.wagehour.dol.gov> epi/oswa rele liy enfòmasyon ak asistans gratis nou an, ki disponib**  
**depi 8 è a.m. jiska 5 è p.m. nan fizo orè ou a, 1-866-4USWAGE (1-866-487-9243).**

**U.S. Department of Labor**  
Frances Perkins Building  
200 Constitution Avenue, NW  
Washington, DC 20210

**1-866-4-USWAGE**  
TTY: 1-866-487-9243  
[Contact Us](#)